

Leson adityonèl

Kisa, sa anseye nou de Jezi 'relasyon l ak mamman l?

Èske l ta bay menm konsey jodi a?

Tout mou ap chèche jwa. kibò ou panse ou ka jwenn li?

Poukisa anpil moun panse Jezi 'se yon nonm rezève? (wè Jan 10 :10)

¹⁰Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l an kantite.

Fas a Fas Avék Jezi Sèt Pankat nan Jan

Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li. (Jan 20:31)

Leson 1
Wè se kwayans.
(Jan 2: 1-11)

Wè se kwayans. (Jan 2: 1-11)

Leson 1

Chanje dlo Diven

(Yon maryaj nan lavil Kana)

Jan 2: 1-11

De jou apre sa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jez te la, ²yo te envite Jezi ak disip li yo nan nòs la tou. ³Rive yon lè pat gen diven ankò. Manman Jezi di l konsa: Yo pa gen diven ankò non. ⁴Men Jezi reponn li: Nan kisa mwen ye avè w, madanm? Lè pa man poko rive. ⁵Lè sa a, manman Jezi di moun ki t ap sèvi yo: Fè tou sa l di nou fè. ⁶Te gen sis gwo ja fèt an wòch ki te sèvi pou jwif yo lave kò yo dapre koutim yo. Yo te gwo ase pou chak te kenbe ven trant galon konsa. ⁷Jezi di moun ki t ap sèvi yo: Plen ja yo dlo. Yo plen yo ra bouch. ⁸Lè yo fini, Jezi di yo: Pran ti gout nan dlo sa a, pote bay chèf kanbiz la goute. Yo pote ti gout bay chèf kanbiz la. ⁹Chèf kanbiz la goute dlo ki te tounen diven an. Li pat konnen ki bò diven sa a te soti. (Men, domestik yo ki te pran dlo a te konnen.) Li rele nonm ki t ap marye a, ¹⁰li di li konsa: Tout moun sèvi pi bon diven an anvan. Se apre tout envite yo fin sou, se lè sa a yo sèvi diven ki pa twò bon an. Men w menm, ou te sere pi bon diven an. Se kounye a w ap sèvi l. ¹¹Se konsa Jezi te fè premye mirak li lavil Kana nan peyi Galile. Li te fè wè pouvwa li. Sa te fè disip li yo kwè nan li.

Kesyon preliminè

Ki moman ere ou genyen nan vi ou? Èske w te konnen ke Jezi kontan pase tanl tankou se ak Zanmi l ?

Kisa siy sa apran de jezi ?

Jezi gen pouvwa sou la nati.

Kisa imen bezwen fe pou satisfè Jezi ?

Rive yon le “diven” an te fini. jezi vle ou yon bonè dire pou toujou.

Koman pèp la te reponn ?

Se te premye mirak Jezi , disip yo te wè e kwè.

Wè se kwayans.

Kòmantè final

Jezi pat vini pou l te pran jwa nou.okontrè, li ofri nou yon gran jwa (yon gran mariaj presante se te pou koup sa E zanmi l yo.